# BASLAWÍSH KLASLARDA SÚWRETLEW ÓNERI PÁNI ARQALÍ OQÍWSHÍLARǴA ESTETIKALÍQ TÁRBIYA BERIW

**Muratkamalova Roza Joldasbayevna**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrası oqıtıwshısı (PhD)*

**Eldesova Aygerim Teńelovna**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,*
*Sırtqı tálim bólimi, Baslawısh tálim qánigeligi studenti*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079231**

***Annotaciya.*** *Bul maqalada ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń súwretlew óneri pánin oqıtıwda kompetenciyalıq qatnas tiykarında olardı rawajlandırıwğa baylanıslı pikirler keltirilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *kásiplik kompetenciya sıpatları, pedagogikalıq sheberlik, kreativlik qábileti, integraciyalıq qatnas, oqıw bağdarlamaları hám sabaqlıqta berilgen materiallardıń óz-ara integraciyalap oqıtılıwı búgingi kún talabı bolıp esaplanadı.*

Adamzat gózzallıqtı pútkil rawajlanıw tariyxı procesinde jaratadı. Gózzallıq mádeniy tariyxıy tájiriybeniń bir bólegi. Onıń bar ekenligi estetikalıq tárbiya teoriyasın, estetikalıq tárbiyanı jas áwladqa maqsetke muwapıq hám turaqlı túrde úyretiw hám sol arqalı onı estetikalıq rawajlandırıwdı támiyinlewdiń usılların islep shığıwğa bağdarlaydı. Bunda estetikalıq tárbiyanı iyelewdiń tiykarğı quralı tárbiya hám tálim esaplanadı.

Sonıń menen bir qatarda estetikalıq tárbiya óz náwbetinde balalarğa hár tárepleme tárbiyalawdıń bir bólegi bolıp tabıladı. Estetikalıq tárbiya ádep-ikramlılıq tárbiya menen úzliksiz baylanıslı bolıp, ol oqıwshınıń aqılın, ishki sezimlerin rawajlandırıp ğana qalmay, sonıń menen bir qatarda onıń qıyalın hám oylaw dárejesinde rawajlandıradı. Oqıwshılardı gózzallıqqa, olarda turmıslıq mashqalalardı durıs túsiniw, ullı sezimlerdi hám umtılıwlardı qáliplestiriwge járdem beredi. Baslawısh klass oqıwshılarında gózzallıqtı ańlawdı tárbiyalaw arqalı olarda basqa adamlardıń keshirmelerin seze biliw, adamlardıń quwanıshlarına sherik bolıw, qayğısın birge bólisiw sıyaqlı ózgeshelikler qáliplesedi.

"Estetikalıq tárbiya" túsinigi menen bir qatarda "kórkem tárbiya" túsinigi de bar bolıp, ol oqıwshılardı kórkem tárbiya hám kórkem shığarmalar arqalı tárbiyalaydı. Kórkem tárbiya shaxsta kórkem óner shığarmalarınıń forması hám mazmunın estetikalıq ańlaw rawajlandırıw, kórkem talğamdı qáliplestiriw hám kórkem ónerdiń belgili túrleri boyınsha dóretiwshilik jumıstı, atqarıwshılıq qábiletin rawajlandırıwğa qaratılğan.

Estetikalıq tárbiyanıń tiykarǵı túsiniklerinen biri gózzallıq kategoriyası esaplanadı. Onıń mánisin oqıwshılarda túsindiriw de tárbiyanıń ornı úlken áhmiyetke iye. Sol sebepli gózzallıq túsiniginiń mazmun-mánisin ashıp beriwge tómendegishe anıqlama beriwdi maqsetke muwapıq dep taptıq:

• gózzallıq - bul insannıń qálbi gózzallıǵı;
• gózzallıq - bul insannıń jıllılıǵı;
• gózzallıq - bul insannıń gózzal minez-qulıq iyesi bolıwı;
• gózzallıq - bul misli terek japıraǵı, ádep-ikramlılıq bolsa onıń tamırı - ishki dúnyası, jaqsı pazıyletleri bolsa onıń miywesi esaplanadı.

Ádep-ikramlılıq tárbiya, ol oqıwshılar ushın bilimlendiriw mákemesiniń tiykarǵı wazıypası dep esaplaydı. Onıń koncepciyası boyınsha, bul tek adamlardıń jaqsı keypiyatın rawajlandıradı. Sonıń menen bir qatarda estetikalıq tárbiya óz náwbetinde balalarǵa hár tárepleme tárbiyalawdıń bir bólegi bolıp tabıladı. Estetikalıq tárbiya ádep-ikramlılıq tárbiya menen úzliksiz baylanıslı bolıp, ol oqıwshınıń aqılın, ishki sezimlerin tárbiyalap ǵana qalmay, sonıń menen bir qatarda onıń qıyalın hám oylawın da rawajlandıradı. Sol táreplerin esapqa alǵan halda baslawısh klaslarda ótiletuǵın sabaqlıqlar oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan. Baslawısh klaslarda ótiletuǵın tiykarǵı pánlerdiń biri Súwretlew óneri páni oqıwshılarǵa 1-klastan baslap ótiledi. Oqıwshılar 1-klasta “Súwretlew óneri” sabaqlıǵı arqalı “Grafika”, “Músinshilik”, “Reńli súwret” hám “Kompoziciya” temaları boyınsha baslanǵısh túsinikler menen tanısadı. Sonıń menen birge Súwret salıw, hár túrli formalardı boyaw, ılay hám plastilinnen haywanlardıń, quslardıń kórinisin soǵıw boyınsha ámeliy kónlikpelerdi iyeleydi. 2-klasta da qızıqlı temalardı úyreniw menen birge súwret salıw hám músin islew boyınsha jańa kónlikpelerge iye boladı. Súwretlew óneri páni oqıwshılardı gózzallıqqa tárbiyalaw, olarda turmıslıq mashqalalardı durıs túsiniw, ana watanına, shańaraǵına, ata-anası hám jaqınlarına bolǵan tuyǵı - sezimlerin qáliplestiriwge járdem beredi. Baslawısh klass oqıwshıların gózzallıqqa tárbiyalaw arqalı olarda basqa adamlardıń sezimlerin seze biliwge, qayǵısın birge bólisiw sıyaqlı ózgeshelikler qáliplesedi. Oqıwshılarda gózzallıq, sulıwlıq sıyaqlı túsinikler qáliplesip baradı.

Estetika sózi grekshe sózden alınǵan bolıp, aisthetikos - sezimge (bilimge) baylanıslı bilim esaplanadı. Kórkem óner hám kórkem dóretiwshilikti, tábiyat hám turmıstaǵı gózzallıqtıń mazmunı hám formaların, insan hám álem arasındaǵı qádiriyatlar qatnasın úyrenetuǵın filosofiyalıq pán esaplanadı. Estetikalıq tárbiya shaxstıń estetikalıq mádeniyatın iyelewge baǵdarlanǵan bolıp, túrli forma hám metodlar járdeminde ámelge asırıladı. Estetikalıq tárbiyanıń quralları oqıwshılardı

gózzallıqtı súyiwge tárbiyalaw maqsetinde átiraptan tańlap alınǵan turmıs, tábiyat, kórkem óner gózzallıǵı hám balalardıń dóretiwshiligin shólkemlestiriwge baǵdarlanǵan.

2-klass Súwretlew óneri sabaqlıǵında 1-temada Aq hám qara reńde pandanıń súwretin salıw tapsırması berilgen. Sonıń menen birge bul haywannıń qay jerlerde jasaytuǵınlıǵın, boyı neshe metr, awırlıǵı qansha, ne zatlar menen awqatlanatuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmat berilgen. Oqıwshı birinshi dıqqatın reńlerge qaratadı. Reńli qálemleri ishinen aq hám qara reńli qálemlerin alıp pandanıń súwretin sızıw menen birge ol haqqındaǵı aytılǵan pikirlerdi birme-bir qıyalınan ótkeredi.

Soń kitapta berilgen tapsırma tiykarında pandanıń súwretin shınıǵıw dápterine izbe-izlik tiykarında salıp shıǵadı. Onnan soń 1. Panda qay jerde jasaydı?

2. Pandanıń súwretin salıwda qanday geometriyalıq figuradan paydalanamız? sıyaqlı sorawlarǵa juwap beredi.

Bilim beriw usılı dáwirdi tańlamaydı, al dáwir sabaq usılların tańlaydı. XVII ásirde belgili chex pedagogı Y.A.Komenskiy mektep sistemasın islep shıǵıp, onda paydalanılatuǵın oqıtıwdıń bir qatar usılları hám didaktikalıq principlerin dúnya xalıqları hám olardıń mektepleri ushın usınıs etken edi.

Estetikalıq mútájlik – adam, barlıqtı, kórkem iskerlikti, onıń hár qıylı kórinislerinde estetikalıq ańlawǵa shaqırıwshı subektiv faktor bolıp tabıladı. Estetikalıq talap gózzallıq haqqındaǵı ilimniń rawajlanıw nızamlıqların jáne de tereń úyreniwge iytermeleydi.

Estetikalıq qızıǵıwshılıq shaxstıń kórkem óner dóretpelerin, qorshaǵan ortalıqtı estetikalıq ańlawı hám estetikalıq iskerlikke aylandıradı. Estetikalıq qızıǵıwshılıq estetikalıq mútájlikti júzege keltiredi. "Estetikalıq tárbiya" túsinigi menen bir qatarda "Kórkem tárbiya" túsinigi de bar. Kórkem tárbiya kórkem óner dóretpeleri arqalı tárbiyalawdı basshılıqqa aladı. Ol shaxsta kórkem óner dóretpeleriniń forması hám mazmunın estetikalıq túsiniwdi rawajlandırıw, kórkem talǵamdı qáliplestiriw hám kórkem ónerdiń belgili túrleri boyınsha dóretiwshilik jumıstı, atqarıwshılıq qábiletin rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Onıń nátiyjesi pikirdiń payda bolıwında, onı ámeliy jumısta qollanıwda, óz bilim hám tásirlerin kóre biliwde, sezimlerin hám pikirlerin shın kewilden bildiriwde kórinedi. Estetika tábiyattaǵı, jámiyettegi materiallıq hám ruwxiy mádeniyat buyımlarında sáwlelenedi, sonday-aq, estetikalıq sananıń payda bolıwı, rawajlanıwı hám wazıypası haqqındaǵı nızamlılıqlardı, obektiv barlıqtı estetikalıq biliwdiń áhmiyetli usıllarınan biri bolǵan kórkem ónerdiń rawajlanıw nızamlıqların úyrenedi. Estetikalıq hám ádep-ikramlılıq tárbiyanıń óz ara baylanıslılıǵı sonda, insannıń gózzallıqtı túsiniwden quwanıwı onıń basqa adamlarǵa

jaqsılıq etkeninen quwanıshlı bolıwına usap ketedi. Kerisinshe, gózzallıqtı kóre almaw onnan zawıqlanbaw jaman islerdi islewge alıp keledi. Kórkem ónerdiń tárbiyalıq kúshi ol adamdı ómirdegi waqıyalardı, hádiyselerdi tereń sezim - tolqınlanıw menen túsiniwge alıp keledi.

Juwmaqlap aytqanda, estetikalıq tárbiya oqıwshılarǵa barlıq haqqında, bar bolǵan barlıq nárse hám hádiyselerden zawıq alıwdı úyretedi. Gózzallıq tárbiyası oqıwshılarǵa barlıqta bar bolǵan barlıq nárse hám hádiyselerden zawıq alıwdı úyretedi. Insanda sırtqı hám ishki gózzallıqtı qáliplestiredi. Biz keleshekte baslawısh klass oqıwshılarına tálim-tárbiya berip, olardıń hár tárepleme jetik shaxs bolıwında gózzallıq tárbiyasınıń ornı sheksiz ekenligin tolıq ańlawımız zárúr. Adamda sırtqı hám ishki gózzallıq qáliplesedi. Biz keleshekte baslawısh klass oqıwshılarına tálim-tárbiya berip, olardıń hár tárepleme jetik shaxs bolıwındaǵı gózzallıq tárbiyasınıń ornı teńsiz ekenin tolıq ańlawımız zárúr.

**Ádebiyatlar;**

1. Kudrat Mirahmedov, Barno Yunusova, Nurman Berdiyev. Súwretlew óneri.; T-2021
2. G'afforova T va boshqalar. Ta'limning ilg'or texnologiyalari. – Qarshi.:Nasaf. 2003. -145 b
3. R.J.Muratkamalova. Baslawısh tálim pedagogikası, innovaciya hám integraciyası (oqıw qollanba). 2023 - Toshkent: Booknomeprint
4. R.J.Muratkamalova. Technology of speech development of students in the lessons of native language in primary school on the of an integrative approach. International Journal of pedagogics. – 2023. – P. 14-16. (Impact Factor SJIF 2023: 6.676. № 23).